

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Dina pangajaran basa aya opat kaparigelan anu kudu dihontal jeung dicangking ku siswa. Éta opat komponén kaparigelan basa téh ngawengku kaparigelan ngaregepkeun, kaparigelan nyarita, kaparigelan maca, jeung kaparigelan nulis. Sakabéh kaparigelan basa sipatna silih pangaruhan sarta dina enas-enasna mangrupa hiji *kesatuan* anu gumulung atawa mangrupa *catur tunggal* (Tarigan, 2008:1).

Nilik tina hal di luhur, katitén yén kaparigelan nulis mangrupa salasahiji kaparigelan anu kudu diajarkeun dina pangajaran basa. Kaparigelan nulis mangrupa salasahiji kaparigelan basa nu sipatna produktif dina wangun basa tulisan. Nurutkeun (Tarigan,1982) kagiatan nulis dihartikeun salaku kagiatan nepikeun pesen (pikiran, perasaan, jeung kahayang) sacara tinulis atawa ngaliwatan lambang-lambang grafis.

Dina kahirupan sapopoé, kagiatan nulis mibanda peranan anu kawilang penting pang-pangna dina widang atikan. Saperti halna dina Standar Kompeténsi SMP kelas IX Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP) pangajaran basa Sunda, aspék anu kudu dihontalna nya éta siswa mampuh nulis pikeun ngébréhkeun ragam pesen (pikiran, perasaan jeung kahayang) sacara tinulis dina ragam karangan nu mangrupa padoman wawancara, prosa (pangalaman , biografi,

bahasan, ésai, surat, carita pondok, laporan, bahasan), jeung puisi (sajak, guguritan, sisindiran).

Tina éta hal, écés katitén yén kagiatan nulis mangrupa kagiatan pangajaran anu kudu diajarkeun ka siswa anu dina prak-prakanana bisa dijembarkeun nepi ka nulis hiji karangan.

Kagiatan nyieun karangan dina pangajaran nulis saéstuna lain hal anu gampang bisa kacangkingna ku siswa. Éta hal téh saluyu jeung pamadegan Nurjanah (2008:24) anu nétélakeun yén kagiatan nulis mangrupa salahiji kagiatan mental manusa nu pangrumitna. Ku kituna, dina prosés pangajaran boh guru boh siswa dipiharep kudu daria dina ngalaksanakeunana.

Dumasar tina hasil panalungtikan di SMP Negeri 19 Bandung nalika diajarkeun ngeunaan nulis karangan ékposisi, katitén hasil diajar siswa réréana teu ngahontal KKM nu geus ditangtukeun. Data peunteunna bisa dititénan saperti ieu di handap.

Tabél 1.1
Peunteun Nulis Karangan Ékposisi Kelas IX-D SMP Negeri 19 Bandung
Semester Ganjil Taun Ajaran 2010/2011

| No. | Peunteun | Jumlah Siswa | Perséntase (%) |
|---------------|-----------------|--------------|----------------|
| 1. | 90 – 100 | 0 | 0% |
| 2. | 80 – 89 | 4 | 16% |
| 3. | 76 – 79 | 1 | 4% |
| 4. | <76 | 20 | 80% |
| Jumlah | | 25 | 100 |

Dumasar tabél di luhur katitén peunteun hasil diajar siswa réréana kurang ti peunteun 76 atawa teu ngahontal KKM matéri pangajaran. Dumasar kana éta hal, disawang kudu ayana évaluasi jeung réfléksi tina hasil kagiatan pangajaran pra-

panalungtikan nu geus dilaksanakeun. Tina kagiatan réfléksi kapaluruh masalah nu kaalaman salila kagiatan pangajaran, nya éta: 1) siswa hésé nalika kudu nangtukeun téma dina karangan ékposisi, antukna ngabalukarkeun siswa leungiteun motivasi pikeun diajar; 2) siswa ngarasa bingung pikeun néangan bahan dina nangtukeun karangan ékposisi anu kudu ngajélaskeun hiji perkara anu sifatna informatif jeung faktual lain ngan saukur asal ngarang; jeung 3) heuretna pamikiran siswa anu ngabalukarkeun héséna dina néangan bahan nulis karangan.

Tina pasualan-pasualan di luhur, disawang kudu aya tarékah sangkan pangajaran nulis karangan ékposisi téh bisa leuwih ngaronjat sarta dipikaresep ku siswa. Nu jadi pasualan dina ieu hal nya éta modél atawa métode pangajaran anu baris dilaksanakeunana. Modél pangajaran anu dipaké dina pra-panalungtikan nya éta model pangajaran ceramah jeung tanya jawab (modél konvénisional). Modél konvénisional lain modél anu goréng, tapi dina modél konvénisional siswa ngan saukur ngaregepkeun pedaran ti guru jeung ngan saukur narima wungkul naon nu geus ditepikeun ku guru. Siswa henteu diajarkeun pikeun ngamekarkeun konsépkonsép anu leuwih jembar. Ku kituna, modél pangajaran anu dilaksanakeun dipiharep kudu bisa ngungkulan pasualan anu keur karandapan dina nepikeun matéri ngeunaan nulis karangan éksposisi.

Salasahiji modél pangajaran anu disawang bisa ngungkulan pasualan di luhur nya éta modél pangajaran ramat lancah. Modél ramat lancah mangrupa salasahiji modél pangajaran anu dina basa Inggrisna mah disebut modél *webbed*. Modél ramat lancah dihartikeun salaku salasahiji modél tina sistem modél pangajaran *terpadu* anu dilarapkeunana ngagunakeun pamarekan tématik. Dina ieu modél,

milih téma bisa diwangun jadi pola hubungan antar téma nu tangtu jeung sub-sub pokok bahasan nu dicokot tina sababaraha widang studi anu masih aya patalina. Dina nangtukeun téma siswa bisa leuwih kréatif jeung jembar dina néangan bahan pangajaran anu bisa diadopsi tina lingkungan nu deukeut jeung siswa utamana bisa diadopsi tina pelajaran séjén nu kungsi dipelajarina. Prosés pangajaran saperti ieu téh dipiharep bisa ngajadikeun pamikiran siswa leuwih lega pikeun ngahubungkeun ide-ide disaluareun bahan pangajaran nu geus aya. Ku ayana léngkah-léngkah pangajaran saperti kieu sacara teu langsung geus bisa ngajadikeun hiji pangajaran *terpadu*.

Larapna dina pangajaran nulis karangan éksposisi, disawang bisa méré bongbolongan ka siswa dina nangtukeun téma jeung milih bahan nu arék dituliskeun dina karangan éksposisina, numuwuhkeun deui motivasi siswa pikeun diajar jeung ngalatih mikir sacara integratif jeung holistik, sarta nu pang utamana mah bisa ngungkulan pasualan guru dina ngajembaran deui bahan pangajaran anu nu dipimilkna.

Panalungtikan ngeunaan larapna modél *webbed* atawa modél ramat lancah geus kungsi dilakukeun ku sababaraha panalungtik, saperti halna kungsi dilaksanakeun ku Simammora dina panalungtikan nu judulna “*Pengajaran IPA terpadu di SMU kelas 1 pada semester 1 dengan topik API*”. Nétélakeun yén panalungtikan hasil pangajaran IPA terpadu bisa ngaronjat.

Hari Setiadi (1998) dina panalungtikan nu judulna “*Pembelajaran terpadu model antarbidang studi sebagai alternatif pengajaran di SMU dengan tema*

sentral hidup sehat". Ngébréhkeun yén, hasil pangajaran siswa ngaliwatan pangajaran terpadu sacara signifikan ngaronjat.

Cecep Sodikin (2002) dina panalungtikan nu judulna "Model WEBBED dengan tema kebutuhan sehari-hari." Ngébréhkeun yén panalungtikan, kualitas proses jeung diajar siswa jadi ngaronjat.

Wiwin Hipana (2005) dina panalungtikan nu judulna "Penggunaan Model Jaring Laba-laba dalam pembelajaran menulis karangan eksposisi." Ngébréhkeun yén panalungtungtikan, kualitas prosés jeung diajar siswa jadi ngaronjat.

Modél-modél di luhur kakara dilarapkeun dina mata pelajaran IPA jeung basa Indonésia wungkul sarta can kungsi dilaksanakeun dina pangajaran basa Sunda.

Dumasar kana kasang tukang pasualan di luhur, karasa perluna diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran ngagunakeun modél ramat lancah dina nulis karangan eksposisi ngagunakeun basa Sunda sangkan bisa ngungkulan masalah dina pangajaran basa Sunda. Ku kituna, ieu panalungtikan téh baris dijudulan "Modél "Ramat Lancah" (Webbed) pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi (Penelitian Tindakan Kelas ka Siswa Kelas IX-D SMP Negeri 19 Bandung Taun Ajaran 2010/2011)".

1.2 Watesa Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah nu diébréhkeun di luhur, aya sababraha masalah anu muncul nya éta, siswa hésé nangtukeun téma jeung néangan bahan dina pangajaran nulis karangan éksposisi. Tapi pikeun ngajembarkeun masalah nu ditalungtik, panalungtikan muserkeun panalungtikan ieu kana pangaruh modél ramat lancah (*Webbed*) pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi anu muserkeun kana nyieun atawa cara migawé hiji hal di kelas IX D SMP Negeri 19 Bandung tahun ajaran 2010/2011.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, aya sababaraha hal anu kudu ditalungtik. Éta masalah téh bisa dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha prak-prakan ngajarkeun nulis karangan éksposisi ka Siswa Kelas IX-D SMP Negeri 19 Bandung Taun Ajaran 2010/2011 ngagunakeun Modél Ramat Lancah (*Webbed*)?
- 2) Naha Modél Ramat Lancah (*Webbed*) bisa ngaronjatkeun hasil diajar nulis karangan éksposisi ka Siswa Kelas IX-D SMP Negeri 19 Bandung Taun Ajaran 2010/2011?
- 3) Naha Modél Ramat Lancah (*Webbed*) bisa nyiptakeun suasana diajar nulis karangan éksposisi anu PAKEM (Pangajaran Aktif, Kréatif, Éfektip jeung

Menyenangkan) pikeun siswa Kelas IX-D SMP Negeri 19 Bandung Taun Ajaran 2010/2011?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan nu hayang dihontal tina ieu panalungtikan téh mangrupa méré salasahiji alternatif pikeun ngaronjatkeun mutu kagiatan pangajaran basa Sunda di sakola, hususna dina pangajaran nulis.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) prak-prakan ngajarkeun nulis karangan éksposisi ka siswa Kelas IX-D SMP Negeri 19 Bandung Taun Ajaran 2010/2011 ngagunakeun Modél Ramat Lancah (*Webbed*);
- 2) Modél Ramat Lancah (*Webbed*) bisa ngaronjatkeun hasil diajar nulis karangan éksposisi ka siswa Kelas IX-D SMP Negeri 19 Bandung Taun Ajaran 2010/2011; jeung
- 3) Modél Ramat Lancah (*Webbed*) bisa nyiptakeun suasana diajar nulis karangan éksposisi anu PAKEM (Pangajaran Aktif, Kréatif, Éfektif jeung *Menyenangkan*) pikeun siswa Kelas IX-D SMP Negeri 19 Bandung Taun Ajaran 2010/2011.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Tina hasil ieu panalungtikan dipiharep mibanda mangpaat, ieu mangpaat bisa ditingali tina dua segi, nya éta segi paélmuan jeung segi praktis.

1.4.1 Mangpaat Paélmuan

Mangpaat paélmuan dina ieu panalungtikan nya éta pikeun manggihan jeung ngabuktikeun alternatif anyar ngeunaan pelakasanaan pangajaran nulis karangan eksposisi jeung ngeuyeuban deui modél-modél pangajaran nu geus aya.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta

1) Pikeun siswa

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngaronjatkeun minat nulis siswa jeung jadi pangalaman nu hadé dina nyieun téma jeung nyususn ide-ide nulis karangan eksposisi anu diluyukeun jeung bidang studi lian.

2) Pikeun guru

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi pangdeudeul dina maké modél pangajaran pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa jeung kualitas pangajaran.

3) Pikeun panalungtik

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran ngeunaan kamampuh siswa tina nulis karangan eksposisi anu maké model ramat lancah.

1.5 Wangenan Istilah

Aya sababrah istilah anu rék dipedar nya éta, modél ramat lancah, nulis, jeung karangan éksposisi.

- 1) Model ramat lancah mangrupa turunan tina modél pangajaran *terpadu*.

Sacara umum hal nu dilaksanakeun dina modél ramat lancah diadopsi tina modél pangajaran *terpadu*. Modél ramat lancah nya éta pangajaran nu maké pamarekan tématik. Ieu pamarekan dimimitian tina mekarkeun hiji téma nu tangtu. Téma dilarapkeun ku cara diskusi antara guru jeung siswa atawa bisa ogé diskusi antara guru jeung guru. Sanggeus téma disapukkan, satulunya dimekarkeun sub-sub témana ku cara niténan pasualan nu aya patalina jeung widang-widang pelajaran nu lian (Trianto, 2010:148).

- 2) Nulis nya éta nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun hiji basa anu dicangkem ku hiji jalma kana kertas ngagunakeun alat parantina (pulpén, patlot, jeung salian ti éta), nepi ka jalma lian bisa maca éta lambang-lambang grafik lamun maranéhna ngarti kana basa jeung éta gambaran grafik. (LBSS, 1985:540)
- 3) Karangan eksposisi nya éta salasahiji wangun tulisan anu medar atawa nerangkeun hiji poko pikiran, nu bisa ngajembarkeun pamadegan atawa pangaweruh hiji jalma nu maca éta karangan (Keraf, 1981:3).

1.6 Raraga Tulisan

Dina bab I dipedar kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, penjelasan istilah, jeung

sistematika penulisan. Dina bab II dipedar model pangajaran ramat lancah, *kritéria* modél ramat lancah, prinsip modél ramat lancah, léngkah (*syntax*) modél ramat lancah, pangajaran nulis karangan eksposisi, bag-bagan nulis, pangajaran nulis, nulis karangan éksposisi, nulis karangan éksposisi maké modél ramat lancah, jeung hipotésis tindakan. Dina bab III dipedar metodologi panalungtikan, desain panalungtikan, setting panalungtikan, lokasi panalungtikan, sumber data, waktu panalungtikan, wangenan operasional, téhnik panalungtikan anu ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data, instrumén panalungtikan, analisis data jeung prosedur panalungtikan. Dina bab IV dipedar hasil analisis kamampuh nulis karangan eksposisi siswa kelas XI-D SMP Negeri 19 taun ajaran 2010/2011 ngagunakeun modél ramat lancah, anu ngawengku prak-prakan pangajaran nulis karangan éksposisi ngagunakeun modél ramat lancah, hasil diajar pangajaran nulis karangan éksposisi ngagunakeun modél ramat lancah, jeung suasana diajar pangajaran nulis karangan éksposisi ngagunakeun modél ramat lancah. Dina bab V eusina kacindekan jeung rékoméndasi.